Соколёнок

1/2015

январь - февраль

# Лачен

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ





ТубхIат ЗУРГЬАЛОВА

# ЦIияб сон бачIун буго

Нижер ясли-ахалде
ЦIияб сон бачIун буго.
Рохьил бахIарай гIадин,
Ёлкаги къачIан буго.

Ёлка сверун кьурдулел
Рохьил хIайванал руго,
Маргьабигун макьаби
Ракьалде рещтIун руго.

Циялъул квачI ккурав вас –
ГIали гуро, гIанкI буго.
ГIодове къулун унев –
ГIумар гуро, гIункIкI буго.

Гурде цIахIилай Шамай –
Дой гуро, гвангва буго.
Кваркьаби ругей Гьумай –
Гьей гуро, кIалкIучI буго.

СихIирай гьечIониги,
Гьадаб цер – Шагьри йиго.
КIвахIалав гьечIониги,
Гьадаб ци – Гъази вуго...

Нижей жакъа ясли-ах
Хасалил рохьлъун ккана.
Ралагьарал чIахIияз
ХIайваназе хъат чIвана.

ЛъикIав ЦIорол Дадаца
Ниж каранде рачана.
КенчIолей гIазул ясалъ
Сайигъатал рикьана.

Наби Писаев

# Ясалъе



Хадижат – гIазизай лъабабилеб яс,
Дица дуе кьуна эбелалъул цIар.
ЦIвайил борхалъуда гьелъул бацIцIалъи
ЦIуниялда гьинал рекIел божигун.

Бигьаяб жо гуро нилъей бокьухъе
Дуниял гIуцIизе, цIунизе, канлъи,
КигIанго къваридал къоял лъаниги,
Лъай дуда – гьезулги ахир букIуна.

Дур кIудияй эбел – гьелъул букIана
ГIадамал бахилаб сабру ва къвакIи,
Рохел ва къварилъи, тIаде рачIарал,
Къабул гьарулаан гIодое йиччан.

Дие бокьун буго дуцаги гIумру
Гьелъул мисалалда даим гIуцIизе,
ГIадамал рокьизе гьелъие гIадин,
Гьелъ гIадин борхизе бачIараб ургъел.

Цойги гьари буго, дир гьоркьохъей яс,
Лъицаниги дуе квешлъи гьабуни,
Гьеб бецIизейилан гIамал гьабуге,
Дуе гьеб инсуца, дица гьукъула.

ХъачIаб рагIи абун, чи къварид гьави, -
Къадараб хасият бихьизе тоге.
ЦIвайил борхалъуда, эбелалъ гIадин,
ГIаданлъиги, яхIги, намусги цIуне.



Муса МухIамадов

# НодохъахI

(ХАБАР)

ГьечIо гьаб ракьалда тIад диргIан берцинаб росу. Сверун зодихъе рахарал рорхатал мугIрулги, мугIрузул гIебал гъуждузде рехарал буртаби гIадин, гIурччинал накIкIирохьалги. Рохьил ахалъудаса къватIибе бачIунеб гIарцулаб лъарги. Лъалищ, гьеб рохьорги, росу сверун ккурал байилал харибакIаздаги букIунебщинаб гIодокари... ГьечIо гьединаб берцинаб тIабигIат тIокIаб кибгIаги. БукIунеб кеп щибха цо, росу бакьулъан чилчилиялда чвахулеб доб лъарахъ чвердолеб мехалъ. Рииялъ къотIуларо гьениб лъималазул релъи-хъуй, гIанчIал махсараби. Гьеле гьеб лъарахъ ккаралъул бицинин цо нужее.

Доб къоялъ эбелалъ гьарун цере лъурал хинкIалги бакъвараб бакьги кваналев вугев Рашидихъе вачIана гьесул лъикIав гьудул СултIан. КIиялго тIаделъун лъугIизаруна хинкIал. ХутIичIо бакьилги цохIо кесекцин. КIиявго гьудулас квербацIцIалъ кверал рацIцIунеб мехалъ рокъобе бачIана Рашидил кету. Надалда хъахIаб тIанкI букIиналъ, НодохъахIилан ахIулаан лъималаз гьелде. Жанибе лъугьарабго НодохъахIида бакъвараб бакьил махI



чIвана. Амма гьелъие кколеб бутIа тIаде вачIарав СултIаница кванан букIана. Гьединлъидал кету бакъун хутIана.

Гьудулзабазда бахъараб ццидаца гьабилеб жо лъаларого хутIун бугеб катил бер щвана рагьида лъураб кIиго гъармахъалде, ва гьезда аскIоб бугеб хIутIал ралеб хъутугъалде. НодохъахIида бичIчIана лъимал лъарахъе ччугIа кквезе ине хIадурун рукIин. «Гьанже балагьила нужехъ», - абун пикру гьабуна катица ва, щибго гьезда хIал лъазеги течIого, къватIибе ана.

КватIичIого лъарахъе щварав кIиявго гьудул ганчIазда кIусана, лъелъе гъунцIбиги рехун, ччугIа кквезе лъугьана. Ккураб ччугIаги гьез цо гъотIол рагIдукь лъураб ведроялъуб лъолеб букIана. Жиндие гьан течIел гьудулзабазда хадуб балъго хал ккураб катица цоцо ккун, ведроялъусаги босун, ччугIа кваналеб букIана.

Дагьабги лъикIаб пикру бачIана катихъе. ГанчIазда нахъаги бахчун, хисизе гьаракьги гьабун, мимидизе лъугьана гьеб. Лъимал сверухъ ралагьана. Кибго бихьулеб кетуги гьечIин, гьабго щиб гIаламатин гIажаиблъун хутIана гьел.

- Дир НодохъахI батила, - ян векерана Рашид гьаракь бахъараб рахъалдехун. Гьев цо ганчIихъе щведал, добегIан цоги ганчIида нахъасан рагIана мимиди. Довеги векеридал гъотIол гьодриниcан рагIана гьелго гьаркьал ва СултIаница абуна:

- ГIела, Рашид, нилъее жакъа ккураб ччугIа, рилълъая, вац, рокъоре, - ян.





- БитIарабха, - янги абун, хаган хутIана Рашид. ТIубараб кIиго сагIаталъ кIиявго гьудулас ккурал ччугIби рукIинего рукIинчIел гIадин, тIагIун ратана гьесда ведроялъуса. Щибго абичIого вуцIцIухIунги чIун, хIинкъадго килищги битIун, СултIанидаги бихьизабуна гьес чIобоголъараб ведро.

- Гьадал тамашаял квешал гьаркьалги, гьаб ведроялъуса тIагIарал ччугIбиги шайтIабазул иш буго, - ян абуна СултIаница сородулел рагIабаздалъун. - Рилълъа хехго гьаниса нахъе, - ян тIадеги жубана тIуртIудилаго гьес. КIиявго гьудул росулъехун гIедегIун ана.

Тамашаял макьаби рихьана доб сордоялъ гьел киназдаго. Катида бихьана масакI ччугIил шашликIал кваналеб, кепалда гьелгун басандилеб. СултIанидаги Рашидидаги макьилъ бихьана, чIегIераб гIуждаллъиги хадуб лъугьун, лъутун гьелдаса рахчизе бакIги батуларого жалго хьетулел. Гьезда цин дорехун, цинги гьорехун рагIулел рукIана ракI гьанцIизабулел цIакъ квешал гьаркьал.

# Къаси

## Нурадин Юсупов

# Телевизоралъ

Къаси телевизоралъ
Билал вихьизавуна.
Дун гьесухъ валагьана,
Гьимулаго абуна:

- Билалий щибаб къойил
Щола цо-цо кIийилаб,
КIухIалав гьав кин тарав
Телекалда вихьизе?

Дир кIудиги кIалъана:
- Лъаларо гьесул цIали,
ЦIогьорас гIадин дир чу
Бачуна дос рекIине.

Цинги диктор кIалъана:
- Баркала, Билал, дуе,
ГIурулъе ккарав Камал
Квер ккун, къватIив цIаралъухъ.

- Лъалхъе, - ин лъугьана дун, -
Лъала, Билал, дир гьудул,
ГьевгIан бахIарчияв вас
Росулъ цониги гьечIо.

Гьеб хабар хIажат гьечIин,
Херас дун чIезавуна:
- Досул эменги дунги
Гьудулзаби рукIана.



# Киве ГӀедегӀарав вас

- ЧӀурканаб тагьи гӀадин
ГӀедегӀарав киве, вас?
- Квенги босун инсухъе
Унев вуго магӀарде.

- МегӀер кӀудияб буго,
Эмен кивехун вугев?
- МугӀрул тӀогьир рахунеб
Нухлул рагӀалда вуго.

- МугӀрул тӀогьир рахунеб
Нух щиб бакӀалда бугеб?
- Доба цо гъотӀол рагӀдукь,
КьегӀер тараб бакӀалда.

- Гьелде рагӀад рехараб
Борхатаб гъветӀ киб бугеб?
- КӀиго гьвеги бахӀриги
ХӀапдолеб бакӀалдаха.

- Бице дида хех гьабун,
Гьел кир хӀапдолел ругел?
- Доб рахъалда, хъантӀарал
БацӀал рукӀунелъулха.

- Гьел бацӀал рукӀунеб бакӀ
Бице кибехун бугеб?
- Квен босун, дун инсухъе
Унеб бакӀалда буго.



# МУХIАМАД АХIМАДОВАС 60 СОН ТIУБАЯЛДЕ



*М. АхIмадов ГъунимагIарда*

Дагъистаналъул бакъулъ, Кьили-мегIералъул кьурулал гъуждузда кьучI лъун бараб Гьонода хъалаялда киналго заманазда рахъана, тIад ккараб къо къвакIун хIехьолел, заманаялъул тIалабазе жаваб кьезе бажари бугел бахIарзалги, гIалимзабиги, гIакълу цIикIкIарал гIадамалги. Мисалалъе босилин адыгеязул наиб МухIамад Амин, Дагъистаналъул ХIукуматалъул Председателасул заместитель Набиюлагь МухIамадов, Россиялъул Федерациялъул бахIарчи, Дагъистаналъул Жанисел ишазул министр ГIадилгерей МухIамадтIагьиров ва гь.ц.

Дица гIемер пикру гьабизе ккечIо, щай гьеб гьитIинабго росулъ гьединал машгьурал чагIи гIемер рахъунел абураб суалалъе жаваб балагьулаго. Гьелъие жавабал дида ратана, дир вац гIадав гьудул, Дагъистаналъул халкъияв поэт, Хъвадарухъабазул союзалъул председатель МухIамад АхIмадовасул хасияталда рессун, гьесул гIамал къачIазе лъугьун, гьитIинаб къоялдаса нахъегьев сверун ккун ругел гьонодисезул гIадатияб, гIаданлъияб гIамалалдасан якъинлъун.




*М. АхIмадов ЧIикIаб школалда*

МухIамад АхIмадовасул аслияб хасиятлъун ккола, гIагараб ракьалде кьурабалъ бижараб жиндирго халкъалде къвин гьечIеб рокьуцаги кьураб къуваталъ ва гьунаралъ яхIги рухIги цIунун, ракьалда Аллагьас кьурал къоял къадруялда тIамизе рес щвей.

Дида ракIалда буго 10 классалда цIалулев АхIмадовас кIудияв гIурусазул хъвадарухъан Лев Пасенкоца жидерго росуцоязул хIакъалъулъ хъван букIараб къисаялъул бетIерги борхизабун, чIухIун, тIатIалаго такрар гьабулеб букIараб куцги. «Гонодинцы – смелые люди» абун цIар букIана гьеб очеркалда. Гьебги хъван букIана лъебелазул рохьаздаса Авар гIоралъ цIул биччалел чагIазул хIакъалъулъ. Унго-унголъун жиндирго жамагIат бокьулев чиясе бокьула хирияб халкъги. Гьеле гьединаб рокьуца гьунар кьурав поэт МухIамад АхIмадовас исана 60 сон тIубалеб буго. Гьесул творчествоялъул нилъеца бицине буго тIубараб лъагIелалъ. Жакъа гьабураб дагьабго калима буго киналго рукIинесел макъалабазе байбихьилъун.

Хириял лъимал, нижер журналалъ нужги ахIулел руго гьеб ишалда гIахьаллъизе. Нужееги рес буго хирияв шагIирасда юбилей баркизе, гьесие сайгъатал гьарурал кучIдул редакциялде ритIизе. Нижеца гьел жигаралда къабул гьаризе руго.




Ж. ХасанхIусенова
« БЕЧЕ »

Редактор М. Хириясулаев
Худ. редактор З. Даганов
Тех. редактор Т. Лузина

Тираж 1716 экз.
Усл. изд. и печ. листов 1.

# ПасихIаб каламги гIанаяб кечIги



*Авар халкъалъе хирияй кочIохъан Жавгьарат ХIасан-хIусеновалъул гьаркьица асар гьабичIев чи магIарухъ ватиларо. ЧIахIиязего гIадин, гIисиназеги бокьула гьелъул кочIохъ гIенеккизе. Киназдаго гуро лъалеб, кечI ахIизего гIадин, кечI хъвазеги гьунар гьелъул букIин. РакI лъикIай йикIиналъ лъаларо, лъималазе хъварал Жавгьаратил кучIдузулъги жавгьарул кунчIи дандчIван, чIухIула гIисинал цIалдохъаби. Жакъа нижеца журналалда лъолел руго Жавгьаратица гьитIичазе хъварал цIиял кучIдул.*

# Кьоге дие конфетал



Бабаца гьукъаниги,
КIодоца бахчаниги,
Бахчаралъуса босун,
Кванала дица чакар.
Гьуинлъи гIемер квани,
ГIусал-цаби унтулин,
Инсул гIакълуги кIочон,
Куна дица конфетал.
Сардилъ гIусалги унтун,
ГIодана рогьинегIан.
Гьанже лъана конфетал
Квине бегьулареблъи.
ТIокIаб гьуинлъи кьеян
Гьарделаро бабада,
Долъ кьуниги, конфетал
Кодоре росиларо.

2

15



14



Жавгьарат ХIАСАНХIУСЕНОВА

## БЕЧЕ

Нижер буго цо рече чалухаб гIамалалъул,
Бечеян рече гуро, чанил тIинчIилан ккола.

Цо гьелъ тIеренал хIатIал тIадагьго росулеб куц,
Кваназе чури кьуни, кьурдула, басандула.

Байданалде бачани, бече чIухIун букIуна,
ЧIахIилъе биччарабго гогьдаризе лъугьуна.

Дица чед кьолеблъи лъан, чури тIолеблъиги лъан,
Бачида дун гьечIого чIезе кIоларо кинго.

3



# Чвахун цIад

Зоб бакьулъ букIараб накIкI
БецIал накIкIаз бахчана.
Пири пирхун, зоб гъугъан,
Гъулдул сорозаруна.

Зодил цIалкIуялъусан
ЦIалтун чвахун цIад бана,
КъватIахъан иххал рахъун,
Эхере рекерана.

Нухазда хIорал чIана,
ХIоразда цIумур бана,
ХIатIида гIицIго лъимал
КъотIноре рекерана.

Чвахун балеб буго цIад,
ЦIалтун руго риччун ниж.
РиччанагIан кеп буго,
Квачарав цо вас гьечIо.

Чвахе, чвахе, хинаб цIад, -
Ахал, хурзал лъалъазе,
Лъарахъ лъим гIемерлъизе,
ГIоразул гуч цIикIкIине.



# ЧIЕГIЕРГЪЕДО

Гозоги бегIераб, рачIги кIичIараб
ЧIегIер гъеду буго «гъва-гъва-гъва!» - йилан.
ГъотIол тIогьиб рещтIун, тIубараб къоялъ
Гьалъ къваридаб бакъан бачунеб лъие?

Умумуз абула рокьукъал гьаркьал
Кьерхаде гьарулин чIегIер гъадица.
ГIазу базе бугин, хIадурго чIаян
ЧIичIидилеб гурищ жакъа гьаб бугеб?

Батизе бегьула гьаб пакъир бакъун,
Садакъа гьаризе гьанибе бачIун.
Гьединан батани, кваназабила,
Кири дийго щвезе рази гьабила.





6

# Эбел

Дий бищун йокьулей, хирияй эбел,
Дуе налъулавлъун вуго гIумруялъ.
Дуца гIезавуна, карандеги къан,
Къварилъи, пашманлъи лъазе течIого.

КIудияв гIунагIан, гIумру лъанагIан
ГIемерлъана дие дур тIалаб-агъаз,
КIудияв гIуниги, бахъе дида квер,
Додинго хIеренго, дун дур васлъидал.

Дуца цо хIеренаб рагIи абуни,
Уна роцIун дунял дие кьерхараб.
Дуца бетIералда тIад квер бахъидал,
Берцинлъула къоял, къалъула гIумру.



11



10

# БахIарчияб хIелеко

БахIарчияб хIелеко буго нижер ХIасанил,
ХIикмалъула киналго гьелъул лебаллъи бихьун.
ГIанкIуязул кваниде кету гIагарлъарабго,
ГIегIедун гьеб тIад речIчIун, тIурун уна магъула.

Ялъуни гьаваялде цониги хъвек бахани,
Гьелъ гIедегIун гIанкIуял ракIарула бокьоре.
Нагагь чияр хIелеко азбаралде бачIани,
РечIчIун тIадгун тIеметIи тIутIун бала саяхъил.

Гьединаб бахIарчияб хIелеко анищ дийги,
ХIасанида гьарила, гьес кьезеги бегьула.



7

# ЧАНАХЪАН

ГІаздада чундуз лъурал лъалкІазда хадув унев,
Исламилан чи вуго чанахъанлъи гьабулев.

Царалгун бацІил цІаказ цІун буго гьасул тІокъо,
Бисазул, лъункабазул лълъурдул руго къеда ран.

Рогьалилъ гьав къокъуна къотен царай битІизе,
Нагагь хъумур дандчІвани, чІвала гьеб туманкІ речІчІун.

Сверухъего рагІарав, гІадамазе машгьурав,
ГІажаибго гІужилав чанахъан вуго Ислам.



8



9

# Редакциялде кагъат

***«Лачен», дие цІакъ бокьун буго дургун лъай-хъвай гьабизе. «БурутІалъ» («ХІакъикъаталъул» гьумер) дун къабул гьавуна, хьул буго дуцаги нахъчІваларин ва нилъер гьудуллъи щулалъилин. Духъе битІулеб буго гьаб дир тІоцебесеб кечІ.***



**ЛАЧЕНАЛДЕ**

**Ассалам гІалайкум, хирияб «Лачен»,**
**Лъималазул гьудул, хІалчІахъаги дур.**
**Къиматаб хазина – щибаб дур тІамач,**
**Тарих буго нижей магІарулазул.**

**ЛъагІалида жаниб анлъго нухалда**
**Щола мун нижехъе, рохелги босун.**
**Гьурщула нижее маргьаби, кучІдул**
**Ва кьола гІакълаби кицабаздалъун.**

**«Лачен», дуй баркала, нижер асарал**
**Къабул гьаруралъухъ, гьел ричІчІаралъухъ.**
**Мун – гІасрудал дарсал, нижер бечелъи,**
**Даим чІаго таги, роржен хисуге.**

***НурмухІамадов СайгидмухІамад,***
***Хунзахъ район, ТІануси росу, 6 аб.класс.***



Шамай ХЪАЗАНБИЕВА

# ХIАЛИМАТИЕГИ МАРИПАТИЕГИ

Кьижа, бабал берцинал,
Кьижа, бабал кIарчамал,
Ункъачуе хириял
ХIалиматгун Марипат.

ЦIик-цIикарал беразул,
Чиллайдулал гъалазул,
Жайраналъул рилълъадул
Адал хIурулгIинзаби.

Маргъудалъе роржине,
ЦIвабзахъ гъоболлъи базе,
Нуралъе салам кьезе,
Кьижа, ункъачул хIанчIи.

Борхалъи тIаса бище,
МугIрузда тIавап гьабе,
Ункъачул гIамиркаби -
ХIалиматгун Марипат.

Нужей кини кIикIила
МугIрул хехаб гьороца,
Ахх нужее бачина
Булбулалъул бакънаца.

Гьимаги нужее бакъ,
Дир махI берцинал тIугьдул,
Жиндирго кваркьидакье
Рачаги нуж талихIалъ.

Хехго кIудиял гIезе,
ГIурдада расандизе,
Гьуинаб макьуялда
Кьижа, ункъачул хIункъби.

Машааллагь берцинлъи,
Унго, адал ясазул.
Меседил гарал гIадал
ХIалиматгун Марипат.

Кьурдизе ал – тириял,
КечI ахIизе ал – цIакъал,
РасанкIоги – телефон,
Ахх, ахх, ахх, ахх, хIасратал.

Метер хехго рахъине,
Кьижа, кьижа, хирадал.
КIиго рокьи, кIиго кан -
ХIалиматгун Марипат.



# Лъималазул асарал



## Эбел

**Эбел, дур черхалъе гьеб къуват киса,**
**Киналго рукъалъул ишал тIуралей.**
**Сардилъ макьуги тун, киниде къулун,**
**Гьелда тIад бущараб лъимер хьихьулей.**

**Лъимал рахъиналде тIадеги яхъун,**
**Дуца рукъ къачIала, квен хIадурула.**
**ХIалтIуде, цIалуде тIанчIи къокъине**
**КъваригIараб партал майилан кьола.**

**МахIниги лъачIого соналги гочун,**
**Ниж чIахIиял гIела, гIагарай эбел,**
**Амма киданиги кIочон теларо**
**Дур кверазул хинлъи, рекIел хIеренлъи.**

*Халунова Хадижат,*
*5 «д» класс.*



# Эбел хIежалдаса юссараб къоялъ

**Эбел хIежалдаса юссараб къоялъ**
**Рокъобе рещтIана баркатгун рахIмат.**
**Дир кIудияб росдал муъминзабаца,**
**Гьейги кIодо гьаюн, гьабуна дугIа.**

**ЗахIмат бихьичIого борхуларо хIеж,**
**Бихьараб гIакъуба кирилъун хъвайги.**
**Добеги нахъеги лъунщинаб гали**
**Мунагьал дагьлъизе дарулъун ккайги.**

**Эбел, гьадинги дур гьабулеб хIурмат**
**Гьанже лъималазги цIикIкIун гьабила.**
**Ва чIахIиял гIедал дур мисал босун,**
**Намусги цIунила, динги гьабила.**

*ХIасанова Жамиля,*
*5 «д» класс.*



## М. Хириясулаев

# ХIарпал

## ЧI



ЧIа, гъудул ЧIарабура,
ЧIалгIун буго дур чIанда.
ЧIамучIаб хабар бицун
ЧIандиро свакаларищ?

ЧIанда бицун чIезегIан
ЧIеп щайзе хъухъулареб,
ЧIоролодул гIадинаб,
ЧIи-чIи щиб лъугIулареб.

## Ш



Шамилги, ШугIайнатги,
Шагьруманги, Шамайги,
Шагьра нухги нахъа тун,
Шагьаралде щун руго.

Шоферас лъималазда
Шагьар бихьизабула,
Шагьаби щун ругелъул,
Щибаб тукаде щола.

Шагьаби гIемерав чи
Шагьаралда шагь вугин,
Шамайица щущараб
Шляпа бичун босана.

## Щ

Щурун, щурун, щурункъверкъ
Шагьра нухде щун буго.
Щалайги цебе батун,
Щенолеб магIу буго.

Щурункъверкъ щакърахана,
Щакдаризе лъугьана:
«Щалайдулъе жиб ккани,
Кумекалъе щив щвелев?»

## Э

Эбел эхеде ана,
Эмен эхеве ана,
Эл нахъруссун щвезегIан
Эсенбулат кьижила.

## Ю

Юсубица юргъачу
Юргъаялда бачуна,
Юргъаналда гъоркь вахчун,
Юнус гIадин, чIоларо.

## Я

Ярагьунев васасе
Ярагъ хIажалъуларин,
Ярагъиясде юссун,
Ягъдана жакъа кIодо.

Ярагьунел васаца
ЯсбергIанго цIодорго,
Ясал цIунизе кколин
Яна гьей жеги тIаде.



# ЛӀаченалъул дарсида



## Авар мацӀ

**1. МахӀачхъала абураб рагӀулъ микьго батӀияб рагӀиниги цӀаралниги рате. Гьел ункъбокӀоназда жанир цо-цо хӀарпги лъун, гьел рагӀабиги хъвай.**

**Гьале нужее кумекалъе гьелдаго релълъараб цо мисал. Мали абураб рагӀулъ ункъо рагӀи буго. Гьале гьел: ма**

**мал**

**ал**

**мали**

**Гьединго ралагье МахӀачхъала абураб рагӀулъ микьго рагӀи:**



| | | | |
|---|---|---|---|
| *м* | *а* | | |
| *м* | *а* | *л* | |
| *а* | *л* | | |
| *м* | *а* | *л* | *и* |

## Математика

**Гьал тарихазда гьоркьор жубай, бахъи, бикьи, кьабиялъул гӀаламатал (знакал) лъе хӀасил 60 кколедухъ:**

30 3 30 97 40 = 60

45 2 9 85 35 = 60

# ИСТОРИЯЛЪУЛ РАГIИКЪОТI




**ГIЕБЕДЕ: 1. ХIамзат имамас хвезаюрай ханалъул цIар? 2. Хунзахъа чачаназул наиб? 3. Шамилие хисарав Хунзахъа наиб? 4. Генерал Аргъутинскиясде магIарулаз абулаан...? 5. Хунзахъ ХIамзат имам чIвараб къо? 6. ВитIунчи? 7. Шамилил пачалихъ?**

**ГIОДОБЕ: 1. Багьадур?**



# РагIикъотIал

**№ 1**

**ГIЕБЕДЕ:**

**1. ЧитIир? 2. ЛъугIи? 5. Машинадул марка? 6. ГIиял? 7. ГIемерал гъутIби? 8. ИнчIо гIаксалда? 9. Роцен? 10. ГIорхъадул гамачI?**

**ГIОДОБЕ:**

**1. Даци цоги къагIидаялда? 2. Минаялда цебе бакI? 3. Къиматаб гамачI? 4. Аваданлъи?**








**№ 2**

**ГIЕБЕДЕГИ ГIОДОБЕГИ:**

**1. ЩIул бухIидал хутIула гьеб? 2. Хъатир?
3. Щулалъи? 4. Бал?**






**№ 3**

**ГIОДОБЕГИ ГIЕБЕДЕГИ:**

**1. Ралъдал транспорт? 2. Какде ахIи?
3. ТIохде рахунеб алат? 4. Мурад?**

# БицанкIаби

* * *

**Риидалги кьиндалги**
**Кьер цояб?**

* * *

**Лъелъ лъуни – бакъвалеб,**
**БакIалда лъуни – биччулеб?**

* * *

**Васас къали бухун,**
**Эмен кьурдулеб?**

# Кицаби

* * *

**Бицине вортуге,**
**Гьабизе ворта.**

* * *

**ГьитIинго ургъел гьабичIес**
**Дунял гьабулареб.**

* * *

**ВакъичIого кванаге,**
**Кеп щвечIого велъуге.**


Соколёнок

ISSN№0203 - 3682

# Лачен

1/2015

январь - февраль

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

Учредитель
Правительство Республики Дагестан.

Журнал зарегистрирован федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций.
Регистр. номер ПИ №ТУ5-0025
от 21 мая 2009 г.

Издается с января 1980 г.

Главный редактор
Мурад Ахмедов

Редколлегия:
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
И. ДИБИРОВ
Т. ЗУРГАЛОВА (ответ. секретарь)
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ
М. ХИРИЯСУЛАЕВ (редактор выпуска)

Худ. редактор З.Даганов
Тех.редактор Т. Лузина
Художник номера М.Муталибов
Художник обложки А. Качаев

Выход в свет 04.03.2015 г.
Тираж 1642 экз.
Заказ № 4

Типография: ООО «Издательство «Лотос».
Адрес типографии: 367018, РД, г.Махачкала, ул. Петра I, 61.

Редакция и издатель: Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских журналов «Соколенок» и «Литературный Дагестан»
Адрес редакции и издателя: 367025, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

Аварский язык
Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.